

# KONEKSYON

Yon Bilten pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

## SIPÈNTANDAN CARVALHO ANONSE NOUVO PWOGRAM ENTERESAN POU ANE LEKÒL 2013-2014

Sipèntandan Lekòl yo Alberto M. Carvalho prezante lis nouvo pwogram pou "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) yo nan reyinyon Komisyon Konsèy Lekòl mwa out la. Nouvo pwogram sa yo reprezante yon liy pwodui konpreyansif pou anrichi e ogmante edikasyon elèv distri lekòl la, fanmi, anplwaye ak kominote a.

Pwogram sa yo gen ladan:

- Nouvo Pwogram Chwa/Magnet:** Yo ap kreye karann-de nouvo pwogram chwa/magnet pou ofri nan 38 lekòl avèk branch ki gen ladan: Cambridge, Matematik, Etid Legal, Enfomatik, ak Ar.
- Matematik "iPrep":** Pwogram sa a melanje teknoloji avèk ansèyman pèsonalize pou elèv, pou kreye yon vrè eksperyans edikasyonèl 21yèm Syèk nan matyè enpòtan sa a nan 49 lekòl mwayen.
- Akademi Sèvis Adolesan ak Polis:** Polis Lekòl la ap lanse yon seri klib nan yon total senk lekòl, kote yo ap asosye ofisyè ki ap jere klib yo avèk adolesan ki an danje yo. Patisipan yo ap kolabore nan pwojè sèvis publik, kodisip konseye kondisip ak lòt aktivite ki fèt pou redui krim ak delenkans lakay jèn yo e pou ogmante relasyon pozitif ak bon rezulta nan lekòl.
- Pwogram Gran Chanpyon:** Pwogram sa a pral ofri aktivite kominote ak sipò pou entegre Gran-Paran yo kòm manm aktif nan kominote lekòl la atravè rekritman yo kòm volontè, Atelye Akademi Paran, evènman espesyal, ak lot sèvis sipò.
- Inisyativ Ofri Òdinatè ak Aparèy Mobil:** Distri a pral investi nan nouvo òdinatè ak aparèy mobil pou elèv ka sèvi. Sa fè pati Konvèsyon Dijital Distri a, e li pral elají aksè a teknoloji, e ekspligate enfrastrikti ki te deja egziste atravè inisyativ "E-Rate" te finanse.
- Zòn "WiFi:** Elèv pral kapab gen aksè a materyèl edikasyonèl nenpòt kote, depi yo genyen aparèy dijital nan men yo, e lekòl yo pral transfòme an anviwònan "ansèyman an liy" avèk kapasite pou bay aksè Entènèt gratis, patikilyèman nan kominote ki defavorize yo.
- "STEM" Mobil:** Yon laboratwa endependan yo pral ajoute sou kantite salklas mobil Distri a. Li pral sèvi elèv 5yèm ak 8yèm ane eskolè ak elèv biyoloji lekòl segondè. Laboratwa mobil sa a pral favorize aktivite pratik nan Biyoloji yo pral fè nan lekòl atravè distri a.
- Pis pou aktivite fizik, baze sou teknoloji, anndan lekòl elementè yo, nan rekreyasyon:** Nouvo pwogram sa a pral motive elèv ak pwofesè pou adopte aktivite fizik kòm yon abitid pou lavi diran.

• **Akreditasyon Distri a:** Se yon pwosesis rijid ki gen ladan yon revizyon ekstèn global sou pefòmans, pratik, ak règleman nan lekòl distri a. Pwosesis sa a ap abouti a yon Akreditasyon "AdvancED" ap bay, ki ap sètifye M-DCPS kòm yon Sistèm Lekòl Kalite Siperyè ki pran angajman pou li kontinye fè amelyorasyon.

• **Sant Tranzisyon M-DCPS – FIU:** Pwogram sa a pral ofri sipò pou elèv ki gen andikap pandan y ap fè tranzisyon soti nan lekòl segondè pou ale nan kolèj, avèk objektif pou ogmante kantite elèv ki gen andikap ki enskri e ki gradye nan kolèj.

• **Pòtal Edikasyon pou Elèv Adilt:** Pòtal sa a pral ofri yon prezans inifye sou Entènèt la kote moun pral kapab jwenn enfòmasyon, kourikoulòm, dosye, fè randevou, fasilman, e menm regle obligasyon finansye yo.

• **Akademi Elèv Entènasyonal – Patenarya avèk Lachin:** Pwogram sa a pral elají teren kiltirèl Distri a e kreye koneksyon reyèl pou elèv nou yo nan ofri opòtinite pou bonjan echanj enfòmasyon ak lide pami kamarad yo ki gen kilti diferan.

• **Sètifica – Edikatè Dijital Modènize:** Pwofesè Miami-Dade pral gen opòtinite pou yo resevwa fòmasyon ki sou menm liy avèk referans, endikatè, ak konpetans ki asosye avèk itilizasyon efektif teknoloji edikasyonèl.

• **Pwogram Asistans ak Ealyasyon ant Kòlèg "iHeat":** Li fèt pou konplemente sistèm evalyasyon pwofesè Distri a. iHeat pral pèmèt pwofesè nan lekòl yo chwazi pou yo patisipe nan obsèvasyon, resevwa sipò e devlopman pwofesyonèl pandan yo ap travay, e resevwa kritik pozitif pou amelyore pefòmans yo.

• **"Data Dashboard" (Tablo Kontwòl Enfòmasyon):** Se yon zouti ki pral bay enfòmasyon rapid sou desizyon ki ap fèt nan Distri a, nan fasilité idantifikasiyon fòs ak feblès òganizasyon an. Li ap ofri aksè a enfòmasyon reyèl sou yon seri Endikatè sou Pefòmans ki gen rapò ak toude, pefòmans akademik ak biznis.

• **Pwogram Asirans ki sou Kontwòl Moun ki Asire a:** Pwogram sa a pral ofri yon pi bon benefis asirans pou pwoteje Distri a, pandan I ap pèmèt ekonomize lajan nan ofri benefis asirans ki chè e pafwa difisil pou minorite ki fè soutretans, kòm yon eleman nan inisyativ Distri a.

• **Inisyativ Transfòmasyon Bankè pou Lekòl 21yèm Syèk yo:** Distri a pral sèvi avèk teknoloji SAP pou otomatize e redui tranzaksyon finansye tankou pran lajan kach, fè peman, kontabilize e fè negosasyon lajan nan lekòl yo.

• **Pwogram Distribisyon ak Achte Manje:** Nan pwofesi ki pral fèt nan ogmantasyon pwodiksyon an, nou antisipe Distri a pral ekonomize omwen \$1 milyon nan pri manje chak ane pandan I ap kontinye ofri yon kalite manje ki nourisan.

• **Pwogram Edikasyon e Konsyantizasyon sou Byennèt:** Distri a pral kontinye ankouraje anplwaye li yo antre nan aktivite ki fêt pou amelyore byennèt jeneral mendèv nou an.

• **Pwogram Fòmasyon Sipèviziè ak Gid Evalyasyon “e-Value”:** Gid la ap asire yo aplike menm kalite estanda atravè distri a, e pou anplwaye sipèviziè Distri a resevwa fòmasyon ak aksè a opòtinite edikasyonèl ki ap ogmante ladrès pwofesyonèl yo.

#### DAT POU NOU SONJE

2 septanm	- Fèt Travay (Labor Day)
5 septanm	- Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon
25 oktòb	- Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon
8 novanm	- Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon

#### SIPÈNTANDAN CARVALHO REKÒMANDE DIMINYE TO TAKS

Resamman, Sipèntandan Alberto M. Carvalho rekòmande pou Komisyen Konsèy Lekòl Miami-Dade diminye total “millage” (Valè taksab sou pwopriyete pou finanse lekòl) mèt pwopriyete ta peye pou ane fiskal lekòl 2013-2014.

Rekòmandasyon an vini aprè distri lekòl resevwa avi nan men “Tax Appraiser” (Evalyatè Taks) Miami-Dade pouf è konnen taks konte a ap ogmante a kat pousan pi wo ane sa a. Komisyenè Edikasyon Florid la konfime enfòmasyon sa a e li revize taks sou pwopriyete pou tout distri lekòl ki nan pwosesis pou etabli “Required Local Effort” (Demand Efò Lokal) la.

Estimasyon Ekonomis Eta a te fè anvan an te estime yonogmantasyon taks sèlman a 1.9 pousan. Diferans la pèmèt Komisyen Konsèy Lekòl yo pou redui Required Local Demand Efò Lokal millage soti 5.295 pou rive 5.183, ki vin pwodui yon gwo ekonomi pou peyè taks yo.

Bidjè 2013-14 pwoteje salklas, depans lekòl ak pwogram bileng yo; pwoteje pwofesè yo e ofri ogmantasyon; e agrandi sipò pou Edikasyon Elèv Eksepsyonèl ak opsyon chwa paran. Bidjè a pwoteje pratikalite ekonomik distri lekòl la e onore pwomès li te fè votè yo pou \$5 millage Bon Obligasyon Jeneral pou chak \$100,000 valè taksab.

Bidjè a pa pral afekte pwogram elèktif yo, ni li pap redui depans pou sekirite lekòl, aktivite atletik oubyen aktivite aprè lekòl. Yo pap ogmante gwo sè biwo santral Distri a. Bidjè a pa fè konpwomi sou bi Distri a an konfòmite avèk manda sou kantite elèv ki nan salklas, e pwofesè yo pap fè fas ak revokasyon pou rezon ekonomik. Li pap pèmèt efè “sequestration” (aksyon ki reklame byen legal jiskaske debitè peye dèt yo) federal afekte sèvis ki ale dirèkteman nan lekòl yo. Bidjè a pap redui rezèv distri a oubyen ogmante “millage” fonksyonman an.

#### PWOCHEN REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

3 septanm	11:45 dimaten	Reyinyon Regilye
6:00 diswa		Dezyèm Odyans Piblik sou Bidjè e Adopsyon Bidjè Anyèl 2013-2014, Apwobasyon Rapò Finansye 2013-2014, e Apwobasyon Rezolisyon Final Bidjè 2013-2014
16 oktòb	11:45 dimaten	Reyinyon Regilye

#### RESOUS SOU OUVÈTI LEKÒL DISPONIB POU PARAN SOU ENTÈNÈT

Pou asiste paran nan prepare premye jou lekòl la, Distri a poste Pake Enfòmasyon sou Ouvèti Lekòl sou Entènèt nan [www.dadeschools.net](http://www.dadeschools.net). Pake a gen enfòmasyon enpòtan sou sijè soti sou chwa lekòl, anwolman doub, demand pou gradyasyon, patisipasyon paran ak sekirite nan lekòl. Elèv ka benefisyé de enfòmasyon ki nan pake a, e paran ka sèvi ak li tou pou jwenn dat ak règ enpòtan konsènan edikasyon pitit yo.

#### NIMEWO TELEFÒN YO RELE PI SOUVAN

Sèvis Prezans	305-883-5323
Enfòmasyon Jeneral	305-995-1000
Sant Enfòmasyon pou Sitwayen	305-995-1128
Akademi Paran	305-995-2680
Volontè Lekòl	305-995-1215
Transpòtasyon	305-234-3365

#### Komisyen Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Madan Perla Tabares Hantman, Chèmann  
Doktè Martin Karp, Vis Chèmann  
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall  
Susie V. Castillo  
Carlos L. Curbelo  
Doktè Lawrence S. Feldman  
Doktè Wilbert “Tee” Holloway  
Doktè Marta Pérez  
Raquel A. Regalado

Alberto M. Carvalho  
Sipèntandan Lekòl yo

Krisna Maddy  
Konseye Elèv nan Komisyen Konsèy Lekòl la

Se Biwo Relasyon Piblik ki Pwodui Bilten sa a  
John Schuster  
Direktè Administratif

